

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan ngagunakeun basa ngawengku opat komponén nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), nyarita (*speaking skills*), maca (*reading skills*), jeung nulis (*writing skills*). Opat kaparigelan éta mangrupa hiji beungkeutan anu gembleng, nu silih deudeul tur silih lengkepan. Tina paréléan di luhur ébréh yén nulis mangrupa salah sahiji komponén tina kaparigelan ngagunakeun basa.

Nulis asalna tina kecap tulis maké rarangkén hareup N- (nasal) anu ngandung harti 'ngalakukeun'. Tina ieu harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan (Nurjanah, 2008: 1). Numutkeun LBSS (1995) nulis téh nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina. Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi, (Tarigan, 2008).

Fungsi utama nulis nya éta mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngagampangkeun murid-murid dina prosés mikir. Tulisan bisa mantuan mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis. Cindekna, bisa

disebut yén diajar nulis téh taya lian nya éta diajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu (Tarigan, 1982: 28).

Loba kauntungan anu bisa dicokot tina kagiatan nulis saperti anu ditétélakeun ku Akhadiah (2003: 1) nya éta:

- a. Ku kagiatan nulis, nu nulis nyaho kana kamampuh atawa poténsi nulisna sorangan. Nu nulis bakal nyaho nepi ka mana wates kamampuh dirina ngeunaan hiji topik.
- b. Nu nulis bisa mekarkeun ide-ide atawa gagasanna. Nu nulis kalatih dina matalikeun sarta ngabanding-banding fakta anu jadi bahan tulisanna.
- c. Ku kagiatan nulis, nu nulis kapaksa leuwih loba néangan informasi/luang anu aya patalina jeung topik anu ditulisna. Ku ayana kitu kagiatan nulis bisa ngajembaran pangaweruh nu nulis.
- d. Ku kagiatan nulis, nu nulis bisa ngajéntrékeun masalah-masalah anu can jéntré.
- e. Nu nulis bisa ngajén kana ide/gagasan kalawan leuwih obyektif.
- f. Nu nulis bakal leuwih gampang ngungkulan masalahna nya éta ku cara nganalisis pasualan anu nembrak téa.
- g. Nu nulis bakal kadorong pikeun diajar leuwih kréatif jeung aktif.
- h. Ku ayana nulis, nu nulis kalatih pikeun mikir kritis tur ngagunakeun basa anu sistematis

Kagiatan nulis sajak mangrupa kagiatan anu ngabutuhkeun pamikiran anu jero. Ngaliwatan nulis sajak urang bisa ngébréhkeun gagasan/ide-ide anu jero. Iskandarwassid (Isnendes, 2008: 24) nétélakeun yén sajak téh salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu pati kauger ku patokan wangunna.

Dina sajak kudu aya pamikiran anu kongkrit, nya éta pamikiran nyata anu diwujudkeun dina médium basa. Sajak téh kudu artistik, nya éta ngandung ajén-ajén seni nu ngalibetkeun subjéktivitas. Sajak téh emosional, hartina ngalibetkeun sakabéh imaji jeung perasaan. Dina sajak kudu ngandung wirahma, hartina éta wujudan basa téh ngandung wirahma, métrum nepi ka nu maca atawa nu ngadéngékeun téh asa diayun ambing, diapungkeun, dibalangkeun, disasak, lantaran susunan kecap-perkecapna diatur kalawan merenah.

Pikeun ngahontal éta hal loba siswa anu masih ngarasa hésé dina ngamimitian nulis sajak, alatan maranéhna teu bisa nyaluyukeun imaji tur teu bisa ngébréhkeun pamikiranna ngaliwatan médium basa.

Pikeun ngahontal fungsi jeung guna nulis, tur bisa ngahudang imajinasi siswa sangkan resep kana nulis hususna nulis sajak, guru kudu mibanda kaparigelan dina nepikeun bahan pangajaran nalika kagiatan diajar ngajar lumangsung.

Dina kagiatan diajar ngajar aya hiji sistem anu mangrupa beungkeutan anu gembleng, silih deudeul tur silih rojong kana prosés pangajaran, nya éta tujuan, bahan, média, stratégi jeung modél pangajaran, sarta évaluasi.

Ieu komponén téh teu bisa mandeg mandiri, hartina kudu silih deudeul tur silih lengkepan. Upama bahan pangajaran hayang katepikeun ka siswa, tangtu kudu mibanda tujuan anu jelas. Lian ti éta kudu ditepikeun kalawan ngagunakeun modél anu cocog sangkan matéri atawa bahan ajar bisa katepikeun ka siswa kalayan gampang tur bisa kapaham ku siswa.

Dina prosés diajar ngajar, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa

dipisahkeun tina kagiatan pendidikan jeung pangajaran. Tujuanna sangkan bahan pangajaran bisa katarima kalawan bisa kapaham ku siswa. Ku ayana modél pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku ayana kitu, modél pangajaran mangrupa salah sahiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru. Hal ieu luyu jeung pamadegan Rahman (2005: 53), yén modél pangajaran mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kana kahontalna tujuan pangajaran.

Modél pangajaran *Examples Non Examples* anu ngagunakeun gambar salaku instruménna dianggap cocog pikeun ngahudang imaji, emosional, gairah, spontanitas sarta sumanget siswa dina nulis sajak. Lantaran dina nulis sajak teu ngan ngalibetkeun otak beulah kénca pikeun mrosés basa, mikir, nginget-ninget jeung nganalisis (logika), ogé kudu ngalibetkeun otak beulah katuhu pikeun ngahudang sisi emosional anu kacida diperlukeunna dina nulis sajak. Hal ieu luyu jeung pamadegan Porter & Mike (Sudaryat jeung Soléhudin, 2009: 49) anu nétélakeun yén kagiatan nulis ngalibetkeun sakabéh aktivitas otak, anu sacara basajan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Gambar 1.1
Aktivitas Otak Kiri jeung Otak Kanan Manusa

Aya sababaraha nu geus nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* salah sahijina nya éta *Modél Pangajaran Examples Non Examples dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2009/2010*, (Nurlaela, 2006). Ieu panalungtikan medar ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* tapi dina pangajaran nulis karangan éksposisi lain dina pangajaran nulis sajak.

Aya sababaraha nu geus nalungtik ngeunaan nulis sajak, salah sahijina nya éta *Éféktivitas Média Gambar dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Ékspérimén Murni ka Siswa Kelas VII SMP PGRI Pagelaran Taun Ajaran 2010/2011)*, (Afriani Dadang Sudrajat, 2007). Ieu panalungtikan medar ngeunaan nulis sajak tapi ngagunakeun média gambar lain ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*.

Panalungtikan ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak sacara umum can aya nu nalungtik, ku ayana kitu panalungtik kapincut pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak.

Nilik kana pentingna modél pangajaran dina kagiatan diajar ngajar, pentingna kagiatan nulis dina pangajaran basa, ogé bangbaluh siswa dina kagiatan nulis sajak, ieu panalungtikan museur kana jenis modél pangajaran pikeun nganyahokeun éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak. Ku ayana kitu, ieu panalungtikan judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi

Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur Taun Ajaran 2011/2012)”).

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan ieu pedaran teu lega teuing ieu panalungtikan diwatesanan ngan maluruh modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak siswa Kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur Taun Ajaran 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupaten Cianjur taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- b. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- c. Naha modél pangajaran *Examples Non Examples* éféktif dipaké dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskrripsikeun:

- a. Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*.
- b. Siginifikan henteuna kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*.
- c. Eféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012.

1.4 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi éksperimén. Méthode kuasi éksperimén nya éta méthode anu digunakeun ku cara ngayakeun kagiatan percobaan pikeun ningali hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Méthode ieu digunakeun pikeun ngukur éféktivitas modél

pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupaten Cianjur.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho éféktivitas modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupatén Cianjur taun ajaran 2011/2012. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan teu monoton. Lian ti éta, ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun minat siswa dina nulis sajak hususna minat pikeun diajar Basa Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat ka sakumna unsur anu aya patalina jeung dunya atikan hususna atikan basa Sunda sarta bisa méré kontribusi anu positip pikeun guru, murid, jeung panalungtik.

a. Mangpaat pikeun dunya atikan:

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban dunya atikan Sunda anu ahirna bisa ngarojong kana kamekaran élmu pangaweruh.

b. Mangpaat pikeun Guru:

- 1) Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré sawangan ka Guru pikeun ngagunakeun modél pangajaran anu cocog dina pangajaran nulis sajak, salah sahijina ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*;

2) Mantuan Guru dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar kalawan ngagunakeun modél nu inovatif nu bisa ngarojong kana prosés diajar.

c. Mangpaat pikeun siswa:

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngirut siswa sangkan resep nulis sajak, ogé sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sajak.

d. Mangpaat pikeun panalungtik:

- 1) Bisa ngamekarkeun deui pangaweruh jeung pangalaman nalungtikna;
- 2) Bisa nerapkeun tiori nu geus kacangking.

